



DR. JACK ABRAMOWITZ
Assistant Principal

DR. EDWARD C. THOMAS
Principal

DR. CECELIA BONNER
Dean of Academic Services

MRS. DIANE BARTON
Assistant Principal

MR. KEITH SAUNDERS
Dean of Academic Services

MR. MARK MCCAWE
Assistant Principal

11 fevriye, 2019

Chè Paran,

Chirijyen Jeneral nan Etazini te declare ke itilizasyon sigarèt elektwonik kòm yon nouvo epidemi nan mitan adolesan nou yo. Plim elektwonik ak vape sa yo gen yon eleman ki chofe avèk yon batri ki konvèti yon melanj likid nan yon vapè ki tankou dlo. Katouch likid sa a se pati flanm ki soti nan plim la ki itilize pou kreye vaping la; pati sa a gen nikotin oswa marigwana. Posesyon yon plim vape, e-sigarèt, oswa nenpòt ki pwodwi ki asosye ak paraphernalia konplètman entèdi nan tout lakou lekòl yo epi li ilegal. Si yo jwenn pitit ou avèk yonn nan pwodwi say o, lap resevwa yon sevè pinisyon, yap entèdi li frekante lekòl la pandan 3 - 5 jou.

Men lis ak kèk siyal sibtil ki endike ke pitit ou a ka vaving:

1. **Bon Gou Fwi** – E-sigarèt pa gen move sant tankou lafimen tabak, sepandan, pifò nan yo gen bon gou ki santi tankou Candi, Mant, Vaniy, melanj de plizyè fwi. Ou ta dwe konsène si ou pran sant nan gou ki sot site la yo men yonn nan esans sa yo pa ekziste nan zòn la.
2. **Objè pòtatif enkon** – E. sigarèt vini sou plizyè fòm, de cig-a-likes a bwat mods. Sepandan, Sa ki pi komen yo sanble ak yon plim epi yo rekonèt sou non “vape pens.”
3. **Batri ak chajè** – Menm jan ou dwe chaje telefòn ou chak jou, plim sa yo bezwen chaje vaporizè yo sou yon baz regilye. Pandan ke gen kèk E-cigs ki ka chaje avèk yon semp kab USB, majorite e-cigs ki pi pwisan yo tankou bwat mods ka sèlman sipòte batri 18650. Si ou remake batri etranje nan yon chajè, se petèt pou yon lòt aparèy vaving yo ye.
4. **Fil metalik ak mèch koton** – Si ou twouve koton òganik, ti anpoul plastic vid oswa ti bobbin fil metalik nan chanm pitit ou, sa a se ankò yon lòt danje.
5. **Kontenè espre abandone** - Atomizè se yon pati vital nan e-cigs paske se yo ki tranfòme e-ji an vapè. Sepandan, Yo jetab epi aprè yo disparèt. Si ou dekouvri yon atomizè abandone nan bwat fatra ou, se yon endikasyon klè ke pitit ou ap vaving.

Dedikasyon nou se kenbe yon environman san danje pou pitit ou. Nou di ou mèsè pou vijilans ou epi pale ak pitit ou a konsènan efè negative nan itilize yon plim vape oswa e-sigarèt.

Si ou gen nenpòt lòt enkyetid, tanpri pa ezite kontaktem oswa nenpòt lòt manm nan ekip Uniondales high school la.

An Patenarya avèk,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Thomas', written over a horizontal line.

Dr. Edward Thomas
Prensipal

ET:jc